ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№136 (22.544) ● 2013 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 17, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Мэкъумэш ІэнатІэ

Зэрызэдэлажьэм зрагъэубгъу

Ди газетым зэрытетащи, «Кавказыр Италием Іуощі»э Іуэхум епхауэ екІуэкІ V зэпущІэм хэтыну КъэбэрдейБалькъэр Республикэм къэкІуащ Италием Кавказ Ищхъэрэ, Инщэ федеральнэ округэм щиІэ консул нэхьыщхьэ Лодиджиани Пьерпаоло зи пашэ гуп.

ХЬЭЩІЭХЭР япэщІыкІэ щыІащ «Бахьсэн и хадэхэр» холдинг компаниемкІэ итальян Іэмалхэмкіэ игъэкІ жыг хадэм. Мэкъумэшым епхауэ ди республикэм щащІэ Іуэхуэхэр зыунэтІ Балькъыз Замир хьэщІэхэм гуапэу къапежьащ.

- Итальян Іэщіагъэлхэм ди лжьыгъэр и кІэм нэсу тхуэзтраухуауэ жыпІэ хъунущ, - жиІащ абы. - КъищынэмыщІауэ, адэкІэ щыуагъэ зэрытІэщІэмыкІыным, къэдгъэкІа жыгхэм пхъэщхьэмыщхьэ бзэ къызэрадатым хуэунэтІауэ чэнджащ къыхалхьэ, дэІэпыкъуэгъу къытхуохьу. Псалъэм папщІэ, мы гъэм гектар къэм мыІэрысэу тонн мин 60-м нэблагъэ къытетхыну хуодгъэфащэ.

ХьэщІэхэм зрагъэлъэгъуащ хуабэщхэмрэ жыг хадэхэм къыщагъэсбэн щІэгъэкъуэнхэмрэ щагъэхьэзыр заводыр, Щэджэм куейм хиубыдэ «Агро-Ком» хуабэщыр, пхъэщхьэмыщхьэхэр зралъхьэ икІи щахьэмэ матэшхуэхэр къыщыщІагъэкІ «Строймаш» ООО заводыр, хадэхэкІэр щахьэмэ «Холод» фирмэр.

ИужькІэ хьэщІэхэр щыІащ Прохладиз кьалэм итальянспан Іэмалхэмкіэ щІэрыщІэу къыщызэрагъэпэщыжа «CISMAC» чырбыш заводыпхуэм. ХьэщІэхэм цехэр кърагъэлпхъыхащ. Жэщымахуи зи лжьыгъэр къэмыуВыІэ заводым щыхуу Іутыр зэрыхъур 52-рэ къудейщ. Лэжьыгъэ хьэлъэ пСори роботхэм ягъэзащІэ. Заводым чырбыш зэмылІужьыгъуэ 8 къыщІегъэкІ. Зы сменэм къриубыдэу чырбыш мини 100 хьэзыр мэхъу. Заводым и унафэщІ Шутов Александр зэрыжиІэмкІэ, чырбышым щІэупщІэшхэу яІэщ.

КъыкІэлыкІуэу Налшык дэт «Синдика» интур-хьэщІэщым итальян хьэрычтыщІэхэм щаІущІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Хьэсанэ Руслан, министерствэ эмыльІэужьыгъуэхэм я тхьэмадэхэр, республикэм и муниципальнэ куейхэмрэ кьалэ округхэмрэ я Іэтащхьэхэр, нэгъуэщІхэри.

Зэхуэсым хьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ я Іуэху епльыкІэхэмкІэ щызэдэгуэщащ. Абыхэм кьыхагъэщащ нужьрей ильэс зытІущым кьриубыдэу итальян хьэрычэтыщІэхэмрэ ди республикэмрэ эхуаІэ хьуа зэхущытыкІэхэм арэзы кьызэрищІыр, дяпэкІэ нэхъыфІыжу зэдзэжьэну мурад эраІэр.

- Къэбэрдей-Балькъэрыр ильэс зыбжанэ хьуауэ Италием щыщ хьэрычэтыщІэхэм ядолажь, - жиІащ Хьэсанэ Руслан. - Итальянхэм я фІыгъэкІэ, ди республикэм мэкъумэш ІэнатІэм зыщеужь, куэд щІакъым Прохладнэ кьалэм чырбыш кьыщыщІагъэкІ заводышхуэ кьызэрыпсэуІуахрэ. Догугъэ дяпэкІи нэгъуэщІ Іуэхухэри зэдэтщІэну.

Къэбэрдей-Балькъэрым ис цІыхухэр итальянхэм я лжьэкІэм, я Іуэху зехьэкІэм арэзы кьызэрищІыр гуапэ зэрыщыхьыр кьыхигъэщащ хьэщІэхэм я пашэ Лодиджиани Пьерпаоло:

- Дэ лэжьыгъэм хуэІэижь льэпкъыу дыкьызэрыфІытлэр ди гуапэщ, - жиІащ абы. - Фи гупэр кьызэрытхузвгъэзари зыхьыдощІэ. Китайм ди зэрычэтыщІэхэр ильэс 10 хьуауэ щыІэщи, Къэбэрдей-Балькъэрым дызэрыдэлажьэ мащІэм кьриубыдэу льэныкъуитІми екъуІэныгъэ кьытхудэкІуам хуэдизэ абы щыгъэгъуакъым. Кьыхэгъэщынут фи хьэрычэтщІэкІэр дэркІэ зэрыщІэщыгъэр. Дызэрызэдэлажьэм зедгъэубгъэну ди гугъэщ. Псальэм папщІэ, гидроэнергетикэм, ухуэныгъэм, туризмэмрэ курортхэмрэ екъэлІауэ льэныкъуитІым зэдэтщІэфынур мы зэманым доубыху.

Пресс-конференциэ нэужьым загъэпри, зэІущІэм хэтахэр щхьэж и Іуэху теухуауэ зэпсэльащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Сурэтхэр **ЕЛЪКЪЭН Артур** *трихащ.*

● ЗэІущІэхэр

КъБР-м и Правительствэм щыхоплъэ

«ЩынІэ унафэр зезыгъакІуэ Іуэхущ1апІэхэм я Урысейпсо совет» (ВСМС) ООО-м и Къэбэрдей-Балькъэр щынальтэ къудамэм и бюром и зэІущІэм Іуэхугъуитї щызэпкърахащ. Апхуэдэщ республикэм ямыгъэІэпхъуэ и мылькухэм (щы Іыхьэхэр хэмыту) я кадастр уасэхэр зэрагъэбелджылам къриКІуэхэмрэ ЩынІэ самоуправленэм и Урысейпсо советым Мэкъку кьалэм щызэхища семинар-зэІущІэм къыщащта чэнджэщхэмрэ теухуахэр.

ЗЭХЬЫЛЪЭР иригъэкІуакІ ЩынІэ унафэр зезыгъакІуэ Іуэхущ1апІэхэм я урысейпсо советым и республикэ къудамэм и бюром и унафэщІым и къудзэ, Бахьсэн мунципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ **Сыжакэ Хьэсэн*.**

КъБР-м кьэрал мылькумрэ щы Іуэхуэхмкіэ и министрым и кьэлэнхэр зыгъэзащІэ **Тонконог Аннэ** кьызэригъэлъэгъуамкІэ, республикэм ямыгъэІэпхъуэ и мылькухэм я кадастр уасэхэр щагъэбелджылам щыуагъэхуэхэр я1ощІэкІащ икІи абы къриКІуам теухуа унафэм и проектыр кьащтэну пасэщ. Сыту жыпІэмэ, мылькухэм хуагъэуВа уасэхэмрэ епэжьпІэкІэ абыхэм хуэзэмрэ куэдкІэ зэщхьощкІ. Техникэ инвентаризацэмкІэ федеральнэ бюром и Ставрополь къудамэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэр напэкІуэщІ минитхуи ноблагъэ.

- Мылькум техьэ налогым теуХуа закониращІэм кьару имыгъуэт щІыкІэ, ар зэфІэзэкІын хуейт. Ауэ хуэзэ уасэхэр пэжу яхуэзэхуэгъэкІуакъым. Уеблэмэ, объектхэм ящыщхэр пцІыуэ кьагъэльэгъуащ. Кьапщтэмэ, Налшык Головко и цІэр зезыхьэ уэрамым тет Финансхэмкіэ министерствэм и унэр псэуальэу ятхащ, - кьыхигъэщащ къэпсэльам. - Апхуэдэ зэхуэмыкІуэныгъэхэр куэдщ. Кьуажэхэм ямыгъэІэпхъуэ мылькухэм нэхъ мащІэ дыдэу щыхуагъэзар кьалэ округхэмрэ муниципальнэ центрхэмрэ щыІэхэм хуагъэува кадастр уасэхэм зыбжанэкІэ щІегъу. Псори зэблэдзыжьын щыуагъэкІуам ещанэ уасэгъэувэхэр кьызэрымыкІуам, объектхэр зыхуэдэр, абыхэм я щытыкІэр зэрызэхамыгъэкІам. Арами, псори хабзэм тету ирагъэкІуэкІауэ кьалъытащи, абыхэм кьариКІуам арэзы дытемыхьызмэ, республикэ бюджетым и хьэкъкІэ а лэжьыгъэр щІэрыщІэу кьызэдгъэпэщыну кьытпэщытщ.

Мылькухэр тхьэмыкІэ, кадастрымрэ картографиемкІэ федеральнэ Іуэхущ1апІэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **Жэмыкуэ Артур** кьызэригъэлъэгъуамкІэ, лэжьыгъэм кьриКІуахэр ямыкІащтэкІэ, щытыкІэм захуегъэхьэужьну фІэщущыІгъуейщ. Сыту жыпІэмэ, кадастр уасэхэр зыгъэувахэр хабзэм ебэкъуакъым. КьыщэмыкІуам кІи пхуэгъэкъуэншэнукъым, ар я кьалэнхэм кьыщагъэльэгъуатэкъым.

- Пэжщ, судкІэ уабгъэдыхьэ е абы и пэ кьихуэу Урысей Реестрым и Къэбэрдей-Балькъэр Іуэхущ1апІэм и комиссэ хэхам зыхуэбгъазэ хъунущ псоуалъэ кьэс я уасэр тэмэму кьебгъэльэтэжьын щхьэкІэ, - жиІащ Жэмыкуэ Артур. - Мылькум техьэ налогым теуХуа закониращІэм и гугъу тщІымэ, 2014 гъэм щегъэжьауэ 2018 гъэ пщІондэ, хьэзыр зэрыхъуэм елытауэ, пІалъэкІэ зэщхьэщыхауэ кьащтэну аращ. КьищынэмыщІауэ, щІыналъэ дызыхуэкІуэм и 1-м Къэбэрдей-Балькъэр адаптацэ центрым щІэлъэкІыгъэ псори Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм иратынущ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

БЖЬАХЪУЭ Маринетэ.

● Ди губгъуэхэм

Хьэцэпэцэр зэщІакъуэж

Дзэлыкъуэ районым хьэм кІэтхыкІуэу, бжьыхьэсэ гуэдзыр щыІуахьэк.

АБЫ ЯПЭУ щІэзыдзахэм ящыщщ Дзэлыкъуэкъуажэ поселкэм щыщ бэджэндырылажьэ Теубэжь Арсен. Мы зэманым Іуэныр еух, гектарым ику ягъ гъавэ хэпльыхьауэ центнер 50-м нэблагъэ кьытокІ.

Нэгуэмэх Аскэррэ Резуанри гуэдзыр кьрахьэлІэж. ЗэшитІри комбайнер Іэзэщ.

Куейм и мэкъумэшыщІэхэм хьэцэпэцэ хьарзынэ кьехъуліащ. Зэкіэ кьрахьэлІэжам тепщІыхьмэ, гъавэ бэв кьаІэрыхьэнущ. Теубэжь Арсенрэ Нэгуэмэ зэшхэмрэ дэтхэнэми хьэуэ гектар 20 Іуахьыжатп, ику ягу центнер 38,5-рэ кьыщІалъкІащ.

БЖЬАХЪУЭ Маринетэ.

● ЖКХ

Къэралым и мылъкукІэ

Электрокъарур зэгъэзэхуэным тещІыхьа республикэ программэ хэхам зэрыщыбзыхуам тету, унагъуэ хуэмыщІауэ 58-м щІыналъэ бюджетым и хьэкъкІэ газ счетчикхэр хуагъэуващ.

АБЫХЭМ я псори КъБР-м Энергетикэмкіэ, псэупІэ-коммуналЬнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министерствэм яхухихащ.

КьыхэзгъэщІащ апхуэдизу дыдэм нэгъабэ зэрыхуагъэувар. Кьагъэсэбэп газыр къызэрыльытэ Іэмэпсымэхэр яхущІэщІэмы иужьрей илъэсиІ Іуэн щІэбэнхэр. Унафэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, 2014 гъэм кьыщыщІэдзауэ кьалэм и тыкуэнхэм яІэнур тхьылъымпІэм кьыхэущыкІэ хьуржынхэращ. Нэхьапэм дэтхэнэ унагъуэми илъу щыта, щэкІым кьыхэщыкІэ сумкэхэмкІэ ерыскьыхэкІэри хьэпшып цІыкІуфэкІухэри хьрахьэкІыным хуэкІуэжьыным Іейуэ зыри хальагъуэркъым жэрдэмщІакІуэхэм.

Зэсэр цІыхухэм зэрыпаубыдыным тыкуэнхэм хэщІыныгъэхэр кьахуихыну кьэлъытэ куэдым. Псалъэм папщІэ, мыпхуэдэ щытыкІэ ямащІэрэ кьызэрыхьунум щэч кьытрахьэркъым: кьащхэунухэр кІэрэинкІэхэм ильэ зытІущым кьриубыдэу итальян хьэрычэтыщІэхэмрэ ди республикэмрэ эхуаІэ хьуа зэхущытыкІэхэм арэзы кьызэрищІыр, дяпэкІэ нэхъыфІыжу зэдзэжьэну мурад эраІэр.

- Къэбэрдей-Балькъэрыр ильэс зыбжанэ хьуауэ Италием щыщ хьэрычэтыщІэхэм ядолажь, - жиІащ Хьэсанэ Руслан. - Итальянхэм я фІыгъэкІэ, ди республикэм мэкъумэш ІэнатІэм зыщеужь, куэд щІакъым Прохладнэ кьалэм чырбыш кьыщыщІагъэкІ заводышхуэ кьызэрыпсэуІуахрэ. Догугъэ дяпэкІи нэгъуэщІ Іуэхухэри зэдэтщІэну.

Къэбэрдей-Балькъэрым ис цІыкІухэр итальянхэм я лжьэкІэм, я Іуэху зехьэкІэм арэзы кьызэрищІыр гуапэ зэрыщыхьыр кьыхигъэщащ хьэщІэхэм я пашэ Лодиджиани Пьерпаоло:

- Дэ лэжьыгъэм хуэІэижь льэпкъыу дыкьызэрыфІытлэр ди гуапэщ, - жиІащ абы. - Фи гупэр кьызэрытхузвгъэзари зыхьыдощІэ. Китайм ди зэрычэтыщІэхэр ильэс 10 хьуауэ щыІэщи, Къэбэрдей-Балькъэрым дызэрыдэлажьэ мащІэм кьриубыдэу льэныкъуитІми екъуІэныгъэ кьытхудэкІуам хуэдизэ абы щыгъэгъуакъым. Кьыхэгъэщынут фи хьэрычэтщІэкІэр дэркІэ зэрыщІэщыгъэр. Дызэрызэдэлажьэм зедгъэубгъэну ди гугъэщ. Псалъэм папщІэ, гидроэнергетикэм, ухуэныгъэм, туризмэмрэ курортхэмрэ екъэлІауэ льэныкъуитІым зэдэтщІэфынур мы зэманым доубыху.

Пресс-конференциэ нэужьым загъэпри, зэІущІэм хэтахэр щхьэж и Іуэху теухуауэ зэпсэльащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Тхылъыщ1э

Лъэпкъ псом и плъапІэ



Налшык и «Тетраграф» ООО-м и бжыгъэр зы мин хьууэ кьыщыдэкІащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхьыщхьэм и кьуэдзэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист Ширдий Маринэ и тхылъыщІэ, «Дунейпсо Адыгэ Хасэ: Іуэхущ1афэхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ» художественно-публицистикэ кьыдэкІыгъуэм и редакторыр ЗыхьфІыщІэ Мухьэмэдэ.

«ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм ильэсипщІ бжыгъэхэм кьыдэбжэ тхьидэ иІэ хъуащ. Ар лъэпкым кьыхуэзгъэпэщын зэрыхуейм зи гупсысэр япэу хуэкІуа Хьэтлхуэ (Рэджаб) Фэтхьи Голландием куэд щІауэ щопсэу. Ди кьэралым и бжэр щызэІуихьм, аращ, нэхъыжь хабзэу, кьыхэзэІультхьар адыгэ псомя и Іуэху зезыхуэн Хасэ кьыззэгъэпэщын хуейуэ», - щетх Маринэ «Лъэпкъыр зыгъэлъэпкъыр Хэкурщ» зэхфІыща псалъэщхьэм. Адыгэ лъэпкъ псом и плъапІэ жьлагъуэ зэгухьэныгъэ иным щІэдзапІэ хуэхьуа мис а лъэхьэнэм щегъэжьауэ ДАХ-м кьикІуа гъуэгуанэр наІуэу кьыщыгъэльэгъуа хьуащ Ширдийм и тхьылъым.

Лъэкьыгъэм щызэхуэхьэсыжащ ДАХ-м и зэхуэсибгъуэм щыжаІахэрэ кьыщыхальхьахэмрэ зи лъабжьэ тхьылъэхэр, а зэІущІэхэм кьрихьэлІаХэм, хэхэс адыгэхэм ящыщу хэкужьым щыхьэщІахэм, апхуэдэуэ зэман зэхуэмыдэхэм лъахэм кьитІысхьэжа ди лъэпкъэгъуэхэм кьыЛаха интерньюхэр, абыхэм я Іуэху епльыкІэхэмрэ я мурадхэмрэ, гурыгъуэхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ кьыщыгъэльэгъуа Іэдакъэщэжьхэр, нэгъуэщІхэри. Хэхэс гъащІэм игъэгулээ ди тхакІуэ-усакІуэхэм я Іэдакъэщэжьхэри щыІэ-щыпІэкІэрэ тегъэщапІэ щищІащ Ширдий Маринэ.

Псомя я лъабжьэр, нэхъыщхьэу кьыхэщыр зыщ: ди лъэпкъыр зэуІу хуэныкьуэ, ди щыхуэкъэ я фэм дэкІар ящызыгъэгъупщэн нэпльэжьыгъуэ я1ыгъуэныр, а лъэныкьуэмкІэ кьэралыр кьакьуэуІвэу, езыхэмэ яхуэзэфІэжкІ халъхьэу гурэ псэкІэ зэпха щыналъэм кьытІысхьэжьынырщ. Кьэдгъэльэгъуам ди дзэр Іуэныдыкн хэт?! Дифі кьызыхэкІынрэ лъэпкым зыкъезыгъэльэтынрэ фІэкІа хэпльаГъуэркьымі, мис ахэр унафэрэ кьэралым щызекІуэ хабзэкІэ щІегъэкъабыдэныр ди хьуэпсапІэщ. Тхылъым кьыщыІэта гупсысэ нэхъыщхьэри аращ.

«Дунейпсо Адыгэ Хасэ: Іуэхущ1афэхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ» тхылъыр кьулейщ сурэт гъэщІэгъэнэхэмкІэ, Зэлущ1эхэм щытрахауэ абы иттщ Хасэм и Іуэхуэзехьэхэм, абы зи псалъэ щыжьызыІаХэм, и лэжьыгъэм хэпльфІыкьыжьхэм, кьапщтэмэ, адыгэм и Іуэхум игъэгузавэ щІыхь тельыджэу кьэралкуэдым щыпсэухэм я сурэтхэр. Абыхэм нэхъри наІуэу уи нэгу кьыщІагъэувэ ди лъэпкъыр зэрыльэщыр, акъылкІи ІэпхьалъэпкъкІи Іэчтьэч апхуэдэ щІыхуэхуэмрэ щІыхуб Іущхэмрэ дИэу лъэпкъыр зэрымыкІуэдынур.

Лэжьыгъэр зэхуещІыж Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президенту щытахэм ятеухуа тхыгъэ кІэщІхэмкІэ. Апхуэдэхэу Кьалмыкъ Юрэ, Шхьэлахьэу Абубэчыр, Акьбаш Борис, Нэхущ Заурбий, Дзэмыхь Кьасболэт, Ажахьэ Кьанщобий, Сэхьурокьуэ Хьэутий сымэ я щІэсыжьэм епхащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хуэзфІэкІар, и кьарум кьихьыр, и хьуэпсапІэхэм зэрыльэІэсынур.

Ширдий Маринэ фІыщІэ яхуещ тхылъыр зи мылькукІэ кьыдэкІа «Бум-Банк» коммерцэ банкым и унафэщІ Ажахьэ Кьанщобий, ар гъэхьэзырыныкмкІэ кьыдэІэпыкъуа псоми.

ИСТЭПАН Залинэ.

Ди хэкуэгъуэхэм ядэІэпыкъунущ

● Псапэ

Бахьсэн кьалэ округым и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Хьэщпакь Сультан и унафэкІэ бадзэуэгъуэм и 17-м Бахьсэн щекІуэкІынущ Сирием щыпсэу адыгэхэм ящыщу я адзэжь хэкум кьэзыгъэзэжа-хэм ядэІэпыкъунымкІэ ухуэнъуа псапащІэ Іуэху.

КЪАЛЭ администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ Хэжь Заур жиІащ псапэ зыщІэну хуейхэр Бахьсэн кьалэм дэт Щэнхабзэмкіэ и унэм бадзэуэгъуэм и 17-м зэрыраГъэблагъэр. Ахьшэ ирадзэ хъунущ сыхьэт 15.00-м кьыщыщІэдзауэ 19.00-м нэсыху.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м Налшык щекІуэжа Дунейпсо Адыгэ зэхьыхьэм ДАХ-м и тхъэмадэ Сэхьурокьуэ Хьэутий республикэм и щыхуэхэр кьыщыхуриДжащ Сирием кьикІыжажэм ядэІэпыкъуну икІи кьыщыхилъхьащ КъБР-м и район псоми мыпхуэдэ Іуэху щызэпхьэну.

ТЫІЭШ Элинэ.

КІэлэн щащІахэр ягъэзащІэркъым

УФ-м и Президент Путин Владимир кьыгъэгубжьащ Къуэкіпіэ Жыжьэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ 2012 гъэм дыгъэгъэзэн ищІа унафэр а щІыналъэм и къулыкъущІэхэм зэрямыгъэзэщІам, кьалэнхэм я нэхъыбэр зэфІегъэкІыныр бжьыхьэм зэрагъэпхьуам.

«Процент 80 хуэдизыр вгъэзащІакъым. Фылэжьэну фигу илъ фэ? - тКІийуэ ауплащІащ кьэрал унафэщІыр Южно-Сахалинск щригъэкІуэкІа зэІущІэм ирагъэблэгъа къулыкъущІэхэм. - Мы щІыналъэм кьэрал псом и дежкІэ ИІэ мыхьэнэм и гугъу ссщІынкъыми, дэ зыгуэрым теухуауэ дыщызэгурыІуэкІэ, ар дгъэзэщІэн хуэйщ. Пэжщ, мы щІыпІэм зебгъэжьынымр икъукІэ гугъущ, ауэ ар Іэмал имыІэу дызэлэжьын хуей Іуэхущ», - жиІащ Путиным.

КъаІэта псалъэмакъыр нэхъ зыхуэгъэза, кьэралым и Президентым и ЛІыкІуэу КъуэкІыпІэ Жыжьэ федеральнэ округым щыІэ Йшаев Виктор кьыщыпсалъэм, щІыналъэм и кьулыкъущІэхэм пщэрылъ кьыщащІауэ щытахэр и чэзум щамыгъэзэщІам и щхьэусыгъуэхэр къигъэльэгъуауэ.

«Дэ адрей щІыналъэхэм дапеуэну икъукІэ гугъущ, сыту жыпІэмэ ди деж уэзгдыгъэ уасэри щІынэхь льапІэщ, транспорт Іэхуэтхьэбзэхэм щІэттри нэхъыбэщ, ди щІымахуэр нэхъ кІыхьщ, кудэкІи щІынэхь щІыІэщ. Абыхэми ахьшэ лей тедгъэкІуэдэн хуей мэхъу. АрамащІэ, кьэралыр кьыддэІэпыкъун, льготэхэр диІэн хуейуэ кьызольытэ», - жиІащ абы.

Пластикым къыпкІын мурадкІэ

Полиэтиленым къыхэщІыкІа хъуржынхэр афІэкІа кьамыгъэсэбэпыным теухуа унафэ щиджыблагъэ къыщащтащ США-м и нэхъ къэлэшхуэхэм ящыщ Лос-Анджелес къалэм.

А хъыбарым икъукІэ щыгуфІыкІащ дыдэхэ зыхъуреихь дунейр хъуэмэным щІэбэнхэр. Унафэм къызэрыщыгъэльэгъуамкІэ, 2014 гъэм кьыщыщІэдзауэ кьалэм и тыкуэнхэм яІэнур тхьылъымпІэм кьыхэущыкІэ хъуржынхэращ. Нэхьапэм дэтхэнэ унагъуэми илъу щыта, щэкІым кьыхэщыкІэ сумкэхэмкІэ ерыскьыхэкІэри хьэпшып цІыкІуфэкІухэри хьрахьэкІыным хуэкІуэжьыным Іейуэ зыри хальагъуэркъым жэрдэмщІакІуэхэм.

Зэсэр цІыхухэм зэрыпаубыдыным тыкуэнхэм хэщІыныгъэхэр кьахуихыну кьэлъытэ куэдым. Псалъэм папщІэ, мыпхуэдэ щытыкІэ ямащІэрэ кьызэрыхьунум щэч кьытрахьэркъым: кьащхэунухэр кІэрэинкІэхэм илъу кассэхэм Іухьахэм ахэр зралъхьэнухэр ёзыхэм ямыІыгъуеу кьыщІэкІмэ, яхуэмыкьыну кьалъытэзэ кьалъэм и тыкуэнхэм я1ынур тхьылъымпІэм кьыхэущыкІэ хъуржынхэращ щІымахуэм.

Нэхьапэм дэтхэнэ унагъуэми илъу щыта, щэкІым кьыхэщыкІэ сумкэхэмкІэ ерыскьыхэкІэри хьэпшып цІыкІуфэкІухэри хьрахьэкІыным хуэкІуэжьыным Іейуэ зыри хальагъуэркъым жэрдэмщІакІуэхэм.

Зэсэр цІыхухэм зэрыпаубыдыным тыкуэнхэм хэщІыныгъэхэр кьахуихыну кьэлъытэ куэдым. Псалъэм папщІэ, мыпхуэдэ щытыкІэ ямащІэрэ кьызэрыхьунум щэч кьытрахьэркъым: кьащхэунухэр кІэрэинкІэхэм

■1942 гъэм Сталинград зауэм щІидзащ.

■1945 гъэм ЕтІуанэ дунейпсо зауэм текІуэныгъэр кьыщыІэзыхьа къэралхэм я Іэтащхьэ Аргудан щыІэ колхозым Ленин орденыр 1967 гъэм кьратащ.

■КъШР-м и Правительствэм и УнафэщІу лэжьа Уэз Анатолий и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

■Шэрджэс сурэтыщІ Кьардэн Мухьэдин и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу кьыщІэнынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 21 - 23-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЗыщІ нэхърэ еплъ нэхъ Іэзэщ.

Шэт Ирмэ къыхелъхьэ

● Узыншагъэ

Министр Шэт Ирмэ куэдым щыгъуазэ зищIащ.

КъБР-м узыншагъэр хьумэныкIэ курортхэмкIэ и министр Шэт Ирмэ жиIащ республикэм и неврологие IэнатIэр езым и нэIэм зэрыщIигъэтынур.

ИДЖЫБЛАГЪЭ ар щыIащ Республикэ клиникэ гъэцIэкIэ-джэщым и неврологие кьудамэм. Мы гъэм и щэкIигъэгъэ мазэм абы кьыщыIэIуахьынщ Льынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центр. Дохутырхэмрэ КъБКъУ-м и кафедрэм и неврологхэмрэ я гъуэсу министрыр сымаджэ зыбжанэм епIащ, абыхэм я узыфэр зыхуэдэмэ фIыуэ щыгъуазэ зищIащ. Я зыныкъуэхэм я узынишагъэр ящыкIи зэ къапщытэну яхуигъэуващ.

Республикэм мелуан зыбжанэ зытригъэкIуэда, щIэуэ яухуэ, Льынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центрым и дохутырхэм Iэзагъ лъагэрэ зэфIэкIкIинрэ ябгъэдэлъын, щыIэ мардэхэм тету лэжьэн зэрыхуэйр яжриIащ Шэтым. Дэтхэнэ зы сымаджэмэ щхьэхуэу и узыфэр кьахутэу, абы тещIыхьауэ IуэхущIапIэм кьищэху хуцкъуэ лъапIэхэр тэмэму кьагъэсэбэпыфу Iэмал имыIэу зрагъэсапхъэщ дохутырхэм. Апхуэдэу министрым ахэр кьыхуриджащ я щIэныгъэм адэкIи зрыхагъэхъуэным гулыIэтэ нэхъ хуащIыну, абы ипкь иткIэ, КъБР-м Узышагъэр хьумэнымрэ курортхэмкIэ и министр Шэт Ирмэ зэрыщIигъэкIуэ

Псэм и хуабагъэр хызолъхьэ

● Ди псэтъэгъуэхэр

АІэщІыгъуэм и аІыхъужьхьэри къыдоунэхуж. АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ ткажІуэ, СССР-ми УФ-ми я Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым и цІэр зезыхьэ, ДАХ-м я саугъэтхэм я лауреат Мэшбащ!э Исхьэкъ ди зэманым и аІыхужьщ. Льэпкъ литературэм аІитІ щащІэн хэзылъхьа ткажІуэм и Іэдакъэ къыщІэкІа тхыгъэхэм цІыху зэхуищытхІэр, льэпкъ гуауэр, тхыдэр екІуу щыз- зэхэухуэнащ. Араща ахэр щІэщыгъуэ, гъэщІэгъуэн зыщІри.

ШУ емылыджым тес зэманымрэ лэжьыгъэмрэ къэзыгъэІурыщІа ткажІуэ гуащІафІэм и тхыгъэхэм льэпкъым и блэкІар сурэтыщІ Іэзэу уи нэгу къыщыщІегъэуІэ. ТкажІуэм дежкІэ нэхъапэр щІэжьыкІакІуэ нІэнырщ, абыхъэм зэхащІыкІынырщ. Зэманыщ!эм къыщыхъу щІэблэр блэкІам щІоупщІэ, я адэжьхэм я дунейм тетыкІар, абыхъэм я хьэл-щэныр, тепльэр я нэгум къыщІагъэувэну хэтщ. МэшбащІэ Исхьэкъ и тхыгъэхэр абыкІэ сэбэпышхуэщ.

Ар зэрыгъэкІуэ Іэзэм къищынэмыщІауэ икІи цІыху гъэщІэгъуэнщ. Зэрытхэм хуэдэу мэпсэу, зэрыпсэум хуэдэу матхэ.

КъыхэтепщІыкІыу акъыл гъэтІылъа зиІэ, удэзыхьэх хъыбар гъэщІэгъуэнхэр къызэрыбжиІэжым къыдэкІуэу, медан къэс гуапагъэ къызыбгъэдэкІ, льэпкъым и фІи и гуауи и тхыгъэхэмкІи, и гъащІэмкІи зыгъэва ткажІуэм а псори философие куум хунгьаКІуэу мэпсалъэ. Псалъэ лей Іэпымыхуу, и щытыкІкІи и псэлъэкІэкІи акъыл хэлъхэр жиІэм нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэ зэрищІэр къыбгурыІуэу апхуэдэщ Исхьэкъ.

КъэхъугъэкІэ бей гъащІэм цІыхум зыгуэр ебгъэтэщІэгъуэн, къэбгъэуІэбжьын папщІэ, куэд пхузэфІэкІын хуейщ. Апхуэдэ зэфІэкІ бгъэдэлъщ Мэшбащ!эм. НобэкІэ зэлэжьым, и тхыгъэщІэхэм теухуауэ Исхьэкъ ущІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

МэшбащІэ Исхьэкъ

Хьэсэнбийрэ Женярэ, я щІэблэр я гъуэгу.

Зэщхьэгъусэхэр зэрыщэдэпсэуэр ильэс 60 мэхьу щыжыпІэжкІэ, ящыныкъуэхэми я фІэщ хьущэркъым, ар зы гъащІэ псом ирагьэтри. Ди гуапэ зэрыхьунщи, щыІэщ апхуэдэ насыпи кьыз- уалІэхэри.

● Дифі догъэтъапІэ

Дыщэм ефІэкІ хъугъуэфІыгъуэ

ШЭЧ ХЭМЫЛЪУ, я хьэгъуэлІыгъуэр зэрыщэхэтрэ ильэс 60 щрикъу щхьэусыгъуэ дахэщ унагъуэр зэрыщыту уэзхуэсынуу: бынхэри, абыхъэм я бынныжхэри, абыхъэм кьащІэхъуэжахэри зы Іэнэм упэрыс нэхъыжьыфІэр бгъэгушхуэну. Апхуэдэ Іуэху дахэ хэпльащ Лэскэн ЕтІуанэ кьуажэм щыпсэу зэщхьэгъусэхэу Къумыкъыхэ Хьэсэнбийрэ Женярэ (Мэшыкьуэхэ зэпхыу). Абыхъэ кьатепщыкІахэр зэхуэсхьэкри ильэс 60 гъэзугаиз дахэ кьыз зэрыІэзэдакІуам папщІэ. Апхуэдэ махуэ льэпІэм ирихьэлІэу гум къзбгъэкІыжьыныр куэдщ: щІалэгъуэри, лэжьыгъэри, ехьулІэныгъэхэри, гукъеуэхэри...

Хьэсэнбийрэ Женярэ зэрыщэрыщІыхэр а зэманым зи щІалэгъуэр ирихьэлІахэм яйм куэдкІэ кьащІхъэщІыкІыртэкьым: зэгъэнэгъу кьуажэхэм щыпсэуэт, нужькІэ райцентрым зэгъусэу щылажьащ, зэрыщІыхьащ, зэгъэкІуащ, зэрышащ, бынхэр яІэ хьуащ.

Зауэ нэужь зэман хьэлъэм зи сабиигъуэр хиубыда дэтхэнэми ещхь, абыхъэм мурад дахэхэр яІэт. Женя фы дыдэу икІи зыкІи кьытемыхьэлъэу еджэрт. Адыгэ литературэр, псом хуэмыдэу усыгъэр, зыпищІ щыІэтэкьым, и гъащІэр театрым ирипхыну щІэхъуэпсырт. Сыхьэт бжьгъэкІэ гъуджэм кІэрытыбфынут Щоджэнщыкьу Алий и поэмэ фІыуэ итьаГъуэ щьщ Іыхьэхэм кьеджэу, Арщхьэкіэ и адэ-анэм кьыхуадакъым. Ар игъэзэкІуэж щыкІэу, и адэм «Лац» цІэ лейр фІыщт и ныбэ. Дауэ мыхъуми, нужькІэ Женя щэнхабзэм ехьэлІа щІэныгъэ зригъэІэтащ, Налшык и культпросвет училищэм и библиотекэ кьудамэм щІэтІысхьэри. ЕджапІэр кьнурэри, ар ильэс 29-кІэ кьуажэ библиотекэм щылэжьащ.

Хьэсэнбий и гъащІэр апхуэдэу захуэу екІуэкІакъым. Къбэрдей-Балькъэрым нэмыцІэ зэрыпхъуакІуэхэр ирахужа нужь, щІэныгъэм хуэнэхъуеинщэ щІалэ цІыкІур хуабжьу еджэну хуеят, арщхьэкІэ абы и пІэкІэ жэмкІэ вэн хуеят хуэду, ЕрагъкІэ классибл еджапІэр кьнуахащ, еджэнри лэжьэнри гугъу ехьу зэдихьу. ИтІанэ ар агрономхэр щагъэхьэзыр курсхэр кьнурри, Хьэсэнбий Урыкъ МТС-м учетчикыу, агроному, нужькІэ Лэскэн рабочэм и складым и унафэщІу лэжьащ. Унагъуэ хьуауэ, бухгалтер школ кьнурхьжри, ильэс 26-кІэ Лэскэн ЕтІуанэ кьуажэ советым и бухгалтеру лэжьащ.

ГъащІэр, зэрыгурыІуэгъущи, матэ щІэдзакъым. ИльэсипщІ бжьыгъэхэм кьрифыбыгэ куэд ялъэгъуащ абыхъэм: зэзэщІащ, зэкІужащ, арщхьэкІэ, Женя зэрыжинІэщи, зэбгъэдэкІыкьным Іуэхыр зэи нэсакьым.

- Дызыйууа льэпощхьэпохэм емылытауэ, гъащІэ насыпыпІэ кьэдгъэщІауэ кьызольыгъэ, - жеІэ Женя. - Унагъуэр тфІэлъапІэт, иджы хуэдэу псынщІэу, зэ зэщхьэгъусэм зэбгъэдэкІыжхэр а зэманым машІэт. Іуэху кьиинхэр зэгъусэу зэтедуІэфІэу, мыхьумэ - тшэчу драгъэсатн арат, зэбгъэдэкІыжхэр щІэмащІэр. Хьэсэнбийрэ сэрэ псальэзэщэу дыдэгурыІуэрт, езыр унагъуэм щынэхъыщхьэт, зыхуей-зыхуэфІ псомкІи дыкьыдзэзыгъэпэщри арат. Иджыпсту сыт - лІы кьалэныр щыхуэбым и пщэм дилъхьэжащ, щыхуэхьум я нэхъыбэр абы арэзы техьауэ щысщ.

Хьэсэнбийрэ Женярэ я нэхъыжь Людмилэ ягу кьегъэкІыж:

- ХуэмхуэлІуэ (иджыпсту ар зыхальагъуэ мылькурщ зыхуэсІэр) зэи дыщытакъым, ауэ икІи зэи шхынрэ щыгъынрэ дыщагъэщІакъым ди анэ-анэм. Мамэ сыт хуэдэ Іуэхуми хунэсырт: пщэфІэнми, унэ зэпльыбхьнми, и гущІхъэмадэр арэзы щынми - ди адэр быным ямынэхьщІэ пэтрэ ахэр зыдэпсэур дэрат. Ар псори мамэ и лэжьыгъэм зэран хуэмыхьуу игъэзэщІэфырт, бэщэчагъ зыхэлъ щыІу жыІэдэлъэтп. Зы щапхъэ кьэзгъэльэгъуэнщ: ди адэщхьэр псэуху (ар дунейм щекьижар 1978 гъэщ, и ныбжьыр ильэси 103-м ит) мамэ зэи жэщ щыІэну и фыщ кІуэжакьым, тхьэмадэм фІэфІтэкьымри. Ди адэр и кІуэщищым- рэ и щыпхъумрэ зэрратеубгъуам, сытым дежи зэрадэІэпыкьум щхьэкІэ зы псалъэ жиІэртэкьым, анэжьилхьэр зищІысыр псальэншэу кьыгурыІуэрт. ЖызоІэри, гугъуехь Іэджэм пхьакІащ ахэр, ауэ зэпымыуэу зэгъусэт, зэрыйыгът, гуауэри гуфІэгъуэри зэдагъушыт. Араш гъащІэу бдзэ щащхуэфари.

Къумыкъу зэщхьэгъусэхэм бынитІ - Мухьэмэд, Людмилэ, Мухьэдин, Пщыгъэбий, Тамбий, Кушбий, Іюзэ, Заур - ягъэсащ. ГъащІэм фІыуэ зэрыхащІыкІым, зэрыщІыку Іущым и фІыгъэкІэ, абыхъэм адэ-анэр чэнджэщэгъуэр щІэхъэхъуэм нэсрэ яхуэхъуащ. Я бынхэм ящыщу хьым щэнэгъэ нэхъыщІхъэ ирагъэгъуэтащ.

Къуэ нэхъыжь Мухьэмэд блэкІам хэпльэжурэ жеІэ:

- Кушбий Афганистаным щыщыІа ильэситІым сыт хуэдиз нэпс щигъэкІа ди анэм. Абы и гум щыхьэр щхьэщыкъэхын си гугъэу, си кьуэшыр дзэ Іуэхухэм щыхуэгъаІэ школыр здэщыІэ Термез тІэу сыкІуат. Сыимыгъэгъэзэн хьисэпІэ, Кушбий зэуапІэм Іумыту, гуныпкъэр нхьумэу жесІэрт, ауэ анэгур кьыпхуэгъэпщынт?! ИтІани, лыгъэ хэпльу и гуныкьуэгъэр тщигъэщІыртт мамэ.

Хьэсэнбийрэ Женярэ я бынхэр псори унагъуэу ягъэтІысыжащ, абыхъэм я бынуе 16 ильэгъуащ, абыхъэм кьащІэхъуэжкъэ зэкІэ 15 мэхьу. Хьэсэнбий и льагъуэм ирикуауэ бухгалтер Іэщагъэм ирогажьэ и кьуэхэу Мухьэмэд (и щхьэгъусэри бухгалтерщ), Мухьэдин, Кушбий, Заур сымэ, ипхъу Іюзэ, кьуэрыльхъу-пхъурыльхуэхэу ФатІимэ, Индирэ, Маринэ, Алим, Аскэр. Мухьэмэдрэ Кушбийрэ республикэм и Іэхъущ!апІэ инхэм я бухгалтер нэхъыщхьэщ, Іюзэ ильэс 15-м щІигъуащ Налшык и Налог ІнэнатІэм щолажьэ. Людмилэ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетыр кьнуахащ, ильэсипщІкІэ школым щылэжьащ, иджыпсту КъБР-м и Архив Іуэхущ!апІэм иджырей тхыдэмкІэ и центрым и управлензэм дэфтэрхэр кьэгъэсэбэныныжьмкІэ и кьудамэм и унафэщІщ. Пщыз эбий Лэскэн районыр газкІэ кьыз эзыгъэгъэпэщ Іуэхущ!апІэм щолажьэри, и гулъытэрэ зэхэщІыкІкІэ щыхуэхэм я пщІэ кьилэжьащ. Тамбийрэ и щхьэгъусэ Эммэрэ хьэрыфэтэщІэщ.

Къумыкъу зэщхьэгъусэхэр тІури зэхэту зэрылажьа ильэс 84-м кьурибудэу абыхъэм кьыхуагъэфэщащ дамыгъэ, щыхь тхылъ куэд. Псалъэм и хьэтыркІэ, я унэ архивым абыхъэм щахъуэмэ «Лэжьыгъэм и ветеран» щІыхьыщІэм и тхылъыр, «Хэку зауэшхуэм щыІэзэрахьа ІыгъэмпащІэ» медалыр, ТекІуэныгъэ Иным и юбилей медалхэр, Женя «Анэм и щыхь» медалри кьыхуагъэфэщащ. Ауэ Хьэсэнбийрэ Женярэ я кьуленигъэ нэхъыщхьэр я гъащІэ псом яхуэзэфІэкІар зыхалъхьа я бынхэрщ. Жьыми щІэми пщІэ зыхуащІ щыхуэм ахэр, Лэскэн ЕтІуанэ кьуажэм щІыхь- зиІэ и нэхъыжьыфІщ.

Я нэхэм гуфІэгъуэ нэпсхэр кьыщІэльэдауэ, а тІур хэпльэрт зэхуэсыжа я бынхэмрэ абыхъэм я бныныжхэмрэ. Гуапэ ле щхьэхуащ я кьэрыльхъу-пхъурыльхуэхэм макьэмэ щІэту жеІэ хьэхуэр, апхуэдэуи я бынхэмрэ абыхъэм я щхьэгъусэхэмрэ, кьэрыльхъу-пхъурыльхуэхэмрэ абыхъэм я щхьэгъусэхэмрэ я сурэтхэр зэрыт зиІэ я жьигъэ зэращІ.

Къумыкъуэх я унагъуэщхуэр гуфІэгъуэ Іэнэм пэрысыхукІи иужькІи псалъэ гуапэ куэд зэхрагъэхащ зэщхьэгъусэ Іумахуэхэм. Абыхъэм фІыщІэ хуащІ губзыгъэу дунейм тета, унагъуэм теубгъуауэ зи гъащІэр зыиха адэ-анэм.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Зэпеуэ

Театр гъуазджэм зрагъэужь

КъБР-м Щэнхабзэмкі э министерствэм кьыз эригъэпэщащ твореск э проектхэм я зэнэкъокъуэ. КъБР-м и Іэтащхьэм кьыбгъэдэкІыу абы щытекІуэм иратынуу театр гъуазджэм и саугъэтыр.

ЗЭХЬЭЭЭУЭМ ирагъэхьхэм хэпльэнущ КъБР-м и Іэтащхьэм театр гъуазджэм хухих саугъэтыр зыхуэфащэр гъэбелджылыныжмкІэ КъБР-м Щэнхабзэмкі э и министерствэм и советыр. Абы хэтщ КъБР-м щэнхабзэмкі э и министр Фырэ Руслан, республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу Уянаевэ Іэминат, ткажІуэ цІэрыІуэхэмрэ жеиІагъэ іуэхэмрэ, къэрал театрхэм я унафэщІхэмрэ артистхэмрэ.

Советым хэтхэм кьапэщытщ проектхэм хэпльэу, гъэщІэгъуэнщ, щІэныгъэ, дунейпсо щэнхабзэм зэрыхэбгъэхьэну щыкІэр зыгъэбелджылахэр нахьыжьыныр. КьыщынэмыщІауэ, Іуэхум кьыхальытэнщ проектым кьыз эщІыбыбэ гупхэм я бжьыгъэр, я Іуэхур яфІэрэщІэгъэуэну епльэр зыхуэдизыр.

Зэпеуэм хьихьну гукьыдэж зиІэхэр ар зэрекІуэкІыну щыкІэм зыщагъэгъуэзэфынущ КъБР-м Щэнхабзэмкі э и министерствэм и сайтым (tikkbr.ru).

Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и жэрдэмкІэ, 2012 гъэм саугъэтхэ - дэтхэнэри сом 500 хуэдэ - щатащ, щыналъэм и театрхэм я лэжьыгъэ нэхъ гъэщІэгъуэнхэм хуэмІуэ. Нэгьабэ ейуэкІа зэпеуэм кьриІуэр кьэпльытэмэ, пашэ хьуахэщ Щоджэнщыкьу Алий и цІэр зезыхьэ Кьэбэрдей кьэрал драмэ, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс драмэ, КъБР-м и Музыкэ театрхэр.

А саугъэтым и фІыщІэкІэ, Щоджэнщыкьу Алий и цІэр зезыхьэ Кьэбэрдей кьэрал драмэ театрым щІэуэ щагъэувыжащ Толстой Алексей и «Пащтыхьымрэ пащтыхь гущІэмрэ» пьесэм кьытращыкІа спектакльщ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и гупчэм саугъэтымкІэ Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым игъэуващ «Пащтыхь Лир» спектаклыр.

Нарт хъыбархэр зи лъабжьэ «Ашэмэз и бжьамий» балетыр утыку кьыз эзыгъэрахьэныж хуагъэхьэзыращ. Ар игъэуващ балетмейстер, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ Пащ!э Рамед.

АЙДАБОЛОВЭ Софиат.

ЩапхъэфІ дыдэ

● Ильэс 60 ирокъу

Зеикъуэ къуажэм бадзэ-хэгъуэм и 6-м зІІуцІэ гъэщІэгъуэн щекІуэкІащ. Абы дэт курыт школ №2-м и щІантІэм щыІэхъуэзащ а елжапЭр ильэс 60 ипжкІэ къызыхаУэ щыта гуп.

ЗЭХЫХЬЭР къызэрагъэпэщащ Зеикъуэ къуажэ администрацэм ильэс куэдкІэ и унафэщІу щыта, хьэрыфэтщІэ Согуэ Анзор, республикэм фІыуэ къыщащІыкъу композитор, уэрэдыс Щомахуэ Хьэсэнбий, зи гугъу тщІы курыт еджапІэм и директор Къумыкъу Асльэн, а къуажэм дэт макъамэ школым и унафэщІ Жылау Арсен сымэ, нэгъэщІыкІи.

ЯпэщІыкІэ нэхъыжьыфІэхэр школ щІантІэм щызэхъуэсащ. Абыхъэм, дауи, еджапІэр кьыз эрахурэр нобэ я щыпэхъуэзэгъэкІым, ауэ ахэр щызэрыльагъум я нэгум кьыща гуапагъэмэ нэжэгужагъэмрэ умыгъэщІэгъэн пхузэфІэкІынутэкьым. Псори зэхуэсагъэнкъэ иджы щыжьтІэм, жьыгжьауэр зыштридзэ тетІысхьэпІэм деж щетІысэхаХэр иджыри зыгуэрхэм япэпльэу кьыщІэкІащ. Мыгувэу «еджапІуэхэм» я егъэджакІуэхэр школ пщІантІэм кьыдыхьащ. Ахэр республикэм фІыуэ кьыщащІыху ткажІуэ цІэрыІуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэдрэ Къэбэрдей-Балькъэр радиом куэдрэ щылэжьа, журналист Іэзэ Дыкьынэ Хьэмидрэт. ЕгъэджакІуэхэм ящыщу Тутыкъу Абдулчэрим кьыІухьэн хуеящ, ауэ абы и благъэ гуэр дунейм ехыжа ти, зэІущІэм кьакІуэ хьуакъым.

- 1953 гъэм школыр къэзыухахэр ильэс кІэкІэ зэхуэсэ, ауэ иджы ар тІэкІу нэхъ убгуауэ я ягъэльэпІэну мурад ящІащ, - зэІущІэм щІидзэн и пэкІэ кьыддогуашэ Согуэ Анзор. - Абы щыгъуэ зэдеджауэ щыта еджакІуэ 31-м ящыщу мы зэманым псэууэ кьэнэжар щІыхуи 8-щ. Ахэр Кьаскъуэ Іуэбочыр, Кьазий Мухьэ, Кьаскъуэ Зариф, позитор, уэрэдыс Щомахуэ Хьэсэнбий, зи гугъу тщІы курыт еджапІэм и директор Къумыкъу Асльэн, а къуажэм дэт макъамэ школым и унафэщІ Жылау Арсен сымэ, нэгъэщІыкІи.

ЯпэщІыкІэ нэхъыжьыфІэхэр школ щІантІэм щызэхъуэсащ. Абыхъэм, дауи, еджапІэр кьыз эрахурэр нобэ я щыпэхъуэзэгъэкІым, ауэ ахэр щызэрыльагъум я нэгум кьыща гуапагъэмэ нэжэгужагъэмрэ умыгъэщІэгъэн пхузэфІэкІынутэкьым. Псори зэхуэсагъэнкъэ иджы щыжьтІэм, жьыгжьауэр зыштридзэ тетІысхьэпІэм деж щетІысэхаХэр иджыри зыгуэрхэм япэпльэу кьыщІэкІащ. Мыгувэу «еджапІуэхэм» я егъэджакІуэхэр школ пщІантІэм кьыдыхьащ. Ахэр республикэм фІыуэ кьыщащІыху ткажІуэ цІэрыІуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэдэр Къэбэрдей-Балькъэр радиом куэдрэ щылэжьа, журналист Іэзэ Дыкьынэ Хьэмидрэт. ЕгъэджакІуэхэм ящыщу Тутыкъу Абдулчэрим кьыІухьэн хуеящ, ауэ абы и благъэ гуэр дунейм ехыжа ти, зэІущІэм кьакІуэ хьуакъым.

- 1953 гъэм школыр къэзыухахэр ильэс кІэкІэ зэхуэсэ, ауэ иджы ар тІэкІу нэхъ убгуауэ я ягъэльэпІэну мурад ящІащ, - зэІущІэм щІидзэн и пэкІэ кьыддогуашэ Согуэ Анзор. - Абы щыгъуэ зэдеджауэ щыта еджакІуэ 31-м ящыщу мы зэманым псэууэ кьэнэжар щІыхуи 8-щ. Ахэр Кьаскъуэ Іуэбочыр, Кьазий Мухьэ, Кьаскъуэ Зариф, Мэшбек Гъумар, Щомахуэ Албэч, Хьэудзокъуэ Хьэсэн сымэщ.

Согуэ Анзор зрыжьІэмкІэ, мыпхуэдэ зэхуэсхэр щІалэгъуалэм я гъэсэныгъэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэщ. А ильэсхэм зэдеджажэр фІыуэ зэрыльагъуу, гугъуехьхэр зэдашэчу, зэдзІэпыкьужу зэрыщытар нобэ псэухэм я дежкІи щапхъэфІщ.

- Зэман куэдкІэ узэІебэкІыжмэ, зэдеджажэр дыщыззэхуэсыжкІэ догуфІэ, - жеІэ Кьаскъуэ Іэубэчыр. - Ауэ икІи тІэкІу дымынэщхьеини тхуэзфІэкІыркъым. Ар кьыхокІ або щыгъуэ кьыдеджажауэ щыгъуэ щІыпІ. Ар щІыпІ щыгъуэ зэрыщІымыльагъэм, Дэ школым дыщыщІэтІысхьар 1943 гъэм и мазаерщ, нэмыцІэхэр кьуажэм дахужа нэужьщ. Зэтрамыкъутауэ кьытхуагъэнар школ унэм щыщу пэш зыщыплІт. Ящэ классым гугъуехь куэд щыт- щэчащ. Зэредж тхылъхэмрэ зэрытхэ Іэмэпсымэхэмрэ дрикъуртжкъым. Куэдыр гаэт кІапэхэм тетхыхьыт.

И гукъэкІыжхэмкІэ кьыддогуашэ ткажІуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэдэ:

- Нобэ сэ сыщыІэщ сыкъыщалъхуа Зеикъуэ, - жеІэ абы. - Едгъэджахэм дыкъраГъэбгъэжащ. Зэман дэкІащ. ФІыращ дигу кьэкІыжыр. Мыхэр сэркІэ иджыри щІалэ цІыкІухэщ. Узышцэхэр Алыхым куэдрэ игъэпсэу, пІахэм ахърэтыфІ кьарит. Кьуажэр куэдрэ Тхьэм игъэуцыщ!

Ныбжьыщхуэ кьэзыгъэщІа Дыкьынэ Хьэмид и теплъэкІэ ди къуэгъущ, зэпІэзэрытщ.

- ЕгъэджакІуэхэр дыщызэдолажьэмэ, дызэгурыІуэдызэдэІуэжу дызэдекІуэкІащ, - жеІэ абы. - Зэи сщыгъупщнукъым мы школым щызгъэкІуа махуэхэр, ильэсхэр. Тхьэм узышащэрэ насыпрэ кьызэрагъэпэщащ зэи щылажьэхэмрэ щеджэ щІыкІуэхэмрэ!

ЗэІущІэм кьекІуэпІаэхэм школым пэгъунэгъуэ щыт Хэку зауэшхуэм хэхуэ Іуэдзэхэм я фэеплъым удэ гъэгъажэр тралъхьащ. ИужькІэ Щомахуэ Хьэсэнбий и Іуэхущ!апІэ-зыгъэпсэхуэну Зеикъуэ Аргъеикъуэ дэтым зэхьхьэр кьызэзыгъэпэща Сергуэй Аргъэн нэхъыжьыфІэр щигъэжьхьащ.

Тхыгъэри сурэтри

КЪУМАХУЭ Ильэс *ейщ.*

Имарэ *(сэмэгумкIэ щытщ)* псалъэ гуапэкIэ зыхуегъаз professor Пащты Герман.

Гуапагъэрэ дахагъэкIэ гъэнщIа сурэтхэр

● Гъуазджэ

Ди газетым зэрытетащи, УФ-м и Сурэтыщ-хэм я зэгухьэныгъэм хэт Аккизовэ Имарэ и лэжьыгъэхэр мы махуэхэм щагъэлъагъуэ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым.

ЗЭХЫХЬЭМ зыкъраГъэхьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Отаровэ Роэ**, КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр **Фырэ Руслан**, УФ-м и цыхубэ сурэтыщ, КъБР-м и Кърал саугъэтым и лауреат, Художествэхэмкlэ Урысей Академиемрэ ЩIАА-мрэ я академик, Красноярск гъуазджэмкlэ и институтым ксилографиемкlэ студиер къыщыззэзыгъэпэщащ икIи абы и унафэщI, профессор **Пащты Герман**, УФ-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм жэуап зыхь и секретарь **Сындыку Нелли**.

КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий** гъэльэгъэныгъэр къыщызэIуихым жиIащ сурэтыщIу щы - Екъуб, Сиярэ, Имарэ - къызэрыкIа Аккизовхэр я унагъуэм щыщ дэтхэнэ зым и лэжьыгъэхэри утыку къыщрахьэжкIэ цыхухэм я псэм дахагъэр, гуапагъэр къызэрыщагъэушыр.

- Мы зэм Имарэ и лэжьыгъэ 30-м щIигъу егъэльагъуэ, сурэтыщIэхэри абы нэхъапэIуэкIэ ящIахэри зэхуэхьэсауэ. Имарэ и Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтхэм дыгъэм хуэдэу уагъэхуабэ, нэри псэри ягъэгуфIэ, - къыхигъэщащ Геннадий.

Имарэ и лэжьыгъэхэм купщIэ зэрахъэлым, я пльыфэхэр зэрызэтеохуам, абыхэм уэрат-хьэкъым Фырэ Руслан къытеувыIа нэужь, Имарэ узыншагъэ, екъулIэныгъэ иIэу ильэс куэдкIэ ГъуазджэмкIэ хуэлэжьэну екъуэхьуащ.

Отаровэ Роэрэ жиIащ сурэтыщI Iэзэхэу Аккизовхэ Екъубрэ Сиярэрэ япхыу Имарэ и адэ-анэм я Iэщ Iагъэм зэрыпищэр, ельмк зэфIэкI ин зэриIэр, и сурэтхэр цIыхухэм щIэщыгъуэ зэращыхьэр, зэхуэгъуэпэным ягуэхэр къызэрыхуигъэушыр, лэжьыгъэхэм ящIэль хуабагъэм я псэм зэрызригъэужьыр.

Отаровэ Роэрэ Имарэ екъуэхьуащ и гупсысэ щIэщыгъуэхэмрэ и лэжьыгъэфIэмкIэ республикэм исхэр дяпэкIи игъэгуфIэну, и Iэщагъэм и хьер ильагъуну.

Псалъэ гуапэхэм пызыща Пащты Герман жиIащ и кIуэ гуэрыщI Пащт-Хьан Алим и ныбжьэгъу, дунейм кьызэрытехьэрэ ицIыху Имарэ и гъэльэгъэныгъэм и гуапэу зэрызыкъригъэхьэлIар, лэжьыгъэхэр игу зэрыдыхьар, хъыджэбзым гъуазджэм щызыIэригъэхьа екъулIэныгъэхэм аджкIи пищэну зэригуапэр.

Сындыку Нелли кьыхигъэщащ мыпхэдэ гъэльэгъэныгъэхэр гъуазджэм и махуэшхуэу кьызэральытэр, Имарэ и лэжьыгъэхэм Къбэрдей-Балъкъэрымрэ и анэш Дагъыстэным-рэ зэрызэпащIэр, тхыдэр, цIыхубзым и тепльэр абыхэм кьызэрыщыгъэльэгъуар, сурэтхэм псэгъэгуфIэ-дахагъэ зэрахъэлыр.

Имарэ хъуэхъу псалъэхэр зыхуагъэзащ КъБР-м Гъуазджэхэмкlэ и музейм и унафэщI **Жантудуевэ Елизаветэ**, КъБКъУ-м и студентхэм.

Зэхыхьэм зэрыщыжаIащи, Аккизовэ Имарэ республикэ, дунейпсо гъэльэгъэныгъэхэм зыбжанэрэ хэтащ, «У древа есть корни» (2008), «Юг России-2004» (Краснодар), «Юг России-2008» (Сочэ), Сэралъп Мадинэ кьызэрригъэпэщащ «Зэманым и псыежэхым...» (Налшык, 2009; Санкт-Петербург, 2010) хуэдэхэм, нэгъуэщIхэми. Имарэ и лэжьыгъэхэм я закъуэ Кулиев Кьайсыи и музей-унэм (2009), Къэбэрдей-Балъкъэр, Дагъыстэн республикэхэм Гъуазджэхэмкlэ и музейхэм щагъэльэгъуащ. Имарэ тхыль 80-м щIигъу и сурэтхэмкlэ зэригъэщIэрэщIари кьыхагъэщащ.

Имарэрэ и анэ Сиярэрэ фIыщIэ хуащIащ зэхьэныгъэм кьыщыпсэльыхьэмрэ кьырихьэлIакъэмрэ.

- Псалъэ гуапэ кьыхсужызыIыхэм сывгъэгушхуащ. Си екъулIэныгъэхэр псом япэу зи фIыгъэ си адэ-анэми фIыщIэ яхуэфащэщ. Псом хуэмыдэу си анэм лэжьыгъэм сытрегъэгушхуэ, зыгуэр кьызэмыхьулIэми имыльэщыу кьызэкIэ. Си сурэтхэм дихьэхъхэм кьызагъэза дзыхьыр дяпэкIи зэрызигъэпэжьыным, си зэфIэкIымрэ Iэзагъымрэ зэрыхъэзгъэхъуэным сыхущIэкъунущ, - жиIащ Имарэ.

ТЕКIУЖЬ Зареты.
Сурэтыр **КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ Марьянэ** *трихащ.*

Урысейм и ДОСААФ-м и кьудамэу КъБР-м щыIэм и республикэ нэщанэуэпIэм Жамборэ Щэуал и фэеплъ зэхьэзэхуэу щекIуэкIащ.

Жамборэ Щэуал ягу къагъэкIыж

● Фэеплъ



ЖАМБОРЭ Щэуал 1939 гъэм армэм ираджауэ щытащ. Къулыкъур щрихьэкIащ 10-нэ гвардие дивизэм Бэракъ Пльыжь зезыхьэ и 2-нэ фочауэ полкым. Зауэм хэтащ сержант нэхъыжьу, снайпер гупым я унафэщIу. Япэ Бэракъ Пльыжь орденыр кьратащ фашист 25-рэ зэрыукIам папщIэ. ЕтIуанэр фашист 75-рэ зэрыхигъэщIам кьыпэкIуащ. 1944 гъэм накъыгъэм и 9-м Жамборэ Щэуал уIэгъэ хьэлъэ игъэтри, абы кьелакъым. Ар щыIалъхьащ Финлянди-ем щыIэ гъунапкъэм и «314-нэ» пIыгапIэм и лъапэм. Абы и цIэр фIащащ Нарткьаэ, Кьэхъуэ кьуажэм я уэрамхэм.

Пльхьужьым и фэеплъ зэпеуэм хэтащ КъБР-м и муниципалитет псомиз и гуп кьызхэхаэр, апхуэдэуи, Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Ставрополь краим щыпкIалхэр. Зэхьэзэхуэм и кьызэрэпэщакIуэщI Урысейм и ДОСААФ-у КъБР-м щыIэр, «Урысей фочауэ союз», - ЗауэлI зэкъуэшыныгъэ зэгухьэныгъэхэр, Балашиновым и цIэр зэриIэхьэу Урысейм щыIэ дзэспорт союзыр, Урысейм и ДОСААФ-у КъБР-м щыIэм и Аруан автомобиль школыр, Жамборэхэр я лъэпкыр.

Цыхухъуэхэм я щхьэзакъуэ зэпеуэм пашэ щыхъуащ Токъу Мухьэмэд. Редко Максим етIуанэ, Маялин Михаил ещанэ ущтIэхэр зыгъэгъуэтыжащ.

Пщащэхэм я деж бжыгъэр щынубыдащ Мацыхьу Аланэ. Iэщым Iэсият етIуанэ кьэупIэр лъысащ, Балкандуевэ Елизаветэ ещанэщ.

Командэхэм я зэпеуэм текIуэныгъэ къыщихьащ «КъБР-м и фочауэ союз»-м. Минводы кьаIэм и лIыкIуэхэр етIуанэ хъуащ, аущыджэрдэсхэр ещанэщ.

Командэхэм я унафэщIхэри щхьэхуэу зэхьэзэхуащ. Абы пашэ щыхъуащ къэхьундзэ Жамборэ Заудин. Багъ Анзоррэ Кьардэн Альбертрэ етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр кьахьащ, Текiуэныбгэр игъэльэпIащ Гекниевэ Ирини.

ЕкъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьаэм хуагъэфэщащ кубокхэр, медалхэр, щыхь тхыльхэр, ахьшэ саугъэтхэр.

Кьызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ, спортсменхэм екъулIэныгъэщIэхэр, зэфIэкI лъагэхэр адэкIи яIэну екъуэхьуащ КъБР-м щыIэ ДОСААФ-м и унафэщI **Iэщым Юрэ**.

Жамборэхэ я IэпкIым кьыбгъэдэкIыу кьызэгъэпэжащ.

- Нобэ махуэ дахэ кьыдэхьулIащ. Щапхъэ зытетхыпхьэ лIыхъыжь Жамборэ Щэуал хуэфащэ Iуэхур екIуу едгъэкIуэкIаэу си гуГъэ. Мыпхуэдэ зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэм щIалэгъуалэр гъунэгъу эхуащI, я зэфIэкIми щыхагъахьэу. Иджыри дыгъуэщ ар фэркIэ щапхъэ. Хэкур, лъэпкыр фIыуэ фIагъэуным фыкьыхузодмэ Фи спорт гъащIэм мыпхуэдэ зэхьэзэхуэ пIапIэ куэд хэтыну, абыхэм фи зэфIэкIым щыхэвгъэхъуэну сынывохьэхьу!

- Мыпхуэдэ зэпеуэ гъэщIэгъуэ ящIэ, академиемрэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкlэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ Iуэхущ-щIапIэм зэпеуэ зэхеублэ мыпхуэдэ къулыкъухэм ягъэувыпIэ щыхьихым мурадкIэ:

- Информацэ шынагъуэнщагъэмкlэ, связькlэ, управленэмкlэ и къудамэм и унафэщIыр - зы цIыху;
- Синергетическэ Iуэхуэхэмкlэ лабораторэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэр - зы цIыху;
- Математикэ биологием и уравненэхэмкlэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэр - зы цIыху;
- Зэхэгъэхьа лIэужьыгъуэхэм я уравненэхэмкlэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэр - зы цIыху;
- Теорие икIи математикэ физикэмкlэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэр - зы цIыху;
- Информацэ шынагъуэнщагъэмкlэ, связькlэ, управленэмкlэ къудамэм и инженер-къэхутакIуэ - зы цIыху;
- Информацэ, управленэ Iуэхуэхэм я интеллектуализацэмкlэ къудамэм и стажер-къэхутакIуэр - зы улахуэ ныкъуэ;
- Зохагъэхьа Iэмэпсымэхэмкlэ САПР-м и къудамэм и стажер-къэхутакIуэр - зы цIыху;
- Математикэ биологием и уравненэхэмкlэ къудамэм и стажер-къэхутакIуэр - зы улахуэ ныкъуэ.

Зэпеуэм щIетекIуахэм пIалъэкlэ лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэ иращIылIэ, лъэныкъуэхэр ящIэсу зэрытехьуэр и лъабжьэу.

Фыщыщlэупщlэ хъунущ: 360000, КъБР, Налшык къалэ, Шортэным и цIэр зезыхьэ уэрам, 89 «а».

Телефонхэр: кадрхэмкlэ, аспирантурэмрэ докторантурэмкlэ къудамэм - 42-64-17, пэш №09, егъэблагъэпIэм - 42-66-61.

● Хъуэхъу

Гъуэпльащlэ Мухьэмэд Тlэхьир и къуэр къыщалъхуа махуэгу - илъэси 8 ирокъури, дохъуэхъу

Ди щIалэ гъэфIэным уи уафэр кьыщхъуэрэ уи щIыльэр щхъуантIэу, уи пщIэр лъагэрэ уи псэр къабзэу, уи насып ватъуэр уэгум иту, уи щIыпмрэ акъыпмрэ санэхуафэр хуалэту, цIыхугъэр кьыбдэбагъуэу куэдрэ упсэуну ди гуапэщ. Уи нэхъыжьхэр, уи адэ-анэр уэркIэ гушхуэу, гуфIэгъуэр уи Iэпэгъуэ гъащIэ дахэрэ насып инкIэ Тхъэр къыпхуэупсэну дынохъуэху.

Уи адэшхуэ Хьэжмурид, уи анэшхуэ ФатIимэт.

● Гу зытъыпатхъэ

Зэпеуэ зэхеублэ

Урысейм ЩIэныгъэхэмкlэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкlэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ Iуэхущ-щIапIэм зэпеуэ зэхеублэ мыпхуэдэ къулыкъухэм ягъэувыпIэ щыхьихым мурадкIэ:

- Информацэ шынагъуэнщагъэмкlэ, связькlэ, управленэмкlэ къудамэм и унафэщIыр - зы цIыху;
- Синергетическэ Iуэхуэхэмкlэ лабораторэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэр - зы цIыху;
- Математикэ биологием и уравненэхэмкlэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэр - зы цIыху;
- Зэхэгъэхьа лIэужьыгъуэхэм я уравненэхэмкlэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэр - зы цIыху;
- Теорие икIи математикэ физикэмкlэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэр - зы цIыху;
- Информацэ шынагъуэнщагъэмкlэ, связькlэ, управленэмкlэ къудамэм и инженер-къэхутакIуэр - зы цIыху;
- Информацэ, управленэ Iуэхуэхэм я интеллектуализацэмкlэ къудамэм и стажер-къэхутакIуэр - зы улахуэ ныкъуэ;
- Зохагъэхьа Iэмэпсымэхэмкlэ САПР-м и къудамэм и стажер-къэхутакIуэр - зы цIыху;
- Математикэ биологием и уравненэхэмкlэ къудамэм и стажер-къэхутакIуэр - зы улахуэ ныкъуэ.

Зэпеуэм щIетекIуахэм пIалъэкlэ лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэ иращIылIэ, лъэныкъуэхэр ящIэсу зэрытехьуэр и лъабжьэу.

Фыщыщlэупщlэ хъунущ: 360000, КъБР, Налшык къалэ, Шортэным и цIэр зезыхьэ уэрам, 89 «а».

Телефонхэр: кадрхэмкlэ, аспирантурэмрэ докторантурэмкlэ къудамэм - 42-64-17, пэш №09, егъэблагъэпIэм - 42-66-61.

● ГуфIэгъуэ

Аргуэру зы махуэшхуэ

Иджыблагъэ Псыхуабэ щекIуэкIащ ЩIалэгъуалэ псалапащIэ фестиваль. Кавказ Ищхьэрэм и щIалэгъуалэм я жэрдэмкlэ кьыхалъхьа Iуэхур Урысейм и Ищхьэрэ щыналъэм япэу щагъэлъэпIащ. «Уафэгу Одиссее - зекIуэщхуэхэм я щIэдзапIэ» махуэшхуэр хуэунэтIауэ щытащ сабий унэм щапIхэмрэ абы кьыщIэкIа щIалэгъуалэмрэ. Кьызэрагъэльэгъуамкlэ, апхуэдэ махуэшхуэхэр дяпэкIи ильэс къэс ирагъэкIуэкIынущ.

ФЕСТИВАЛЫМ и кьалэн нэхъыщхьэр екъулIэныгъэм мащIэ-мащIэуэрэ зэрызэхуэкIуэр, кьепхьэжьэ Iуэхум уегугъэмэ, кьызэрохьулIэнур балигъ гъащIэм хэбэкъуэ щIалэгъуалэм нэрылъагъу ящыщIынырщ. Махуэшхуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн, Дагъыстэн, Ингуш, Осетие Ищхьэрэ - Алание республикэхэм, Ставрополь, ораём кьикIа щIалэгъуалэр, псори зэхэту цIыху щитхум щIигъу.

А махуэ дыдэм туристхэр зрикIуэну зыпIпыхьакIуэ гъуэгури кьызэIуахащ. А зекIуэр зыхуэхэар Урысейм авиацIу цIыкIум зыщегъэужьынырщ, щIалэгъуалэр я унэтIынигъэм дегъэзыжьынырщ, кьыджкIуэтей щIэблэм псэжу-псэ льапIэныгъэхэр яIэу кьэгъэтэджынырщ. ХьэщIэхэм зрагъэльэгъуащ инженер-конструктор цIэрыIуэ, «Урысейм и щIыхькIэ - уафэгу Одиссее!» щIалэгъуалэ гупым я пашэ Бегак Александр и авиацIэ Iуэхущ-щIапIэр. Абы щолэжь, кьыщыщIагъэкI икIи кьыщапщытэ и хьэпсагъкIэ нэхъ псынщIэ дыдэ, дунейм псом кьыпэхьи щымыIэу кьалытэ кхъухьлъатэ цIыкIуэр.

АджкIэ хьэщIэхэм зрагъэщIыхуащ бегалетхэр кьэзыгупсыса гупыр, Совет Союзым, Урысейм я ЛIыхъужь Чилингаров Артур и гупым я зекIуэ цIэрыIуэхэми зыщагъэгъуэзащ.

ГЪУКIАКЪУЭ Идар.

● Оперативнэ штабым къет

Бзаджащlэхэм я егъэзыпIэ

Iэщэкlэ зэщIэуэзда гупым хэтхэр къэхутэным икIи убыдыным хуэунэтIа къэпыкъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым бзаджащIэхэм я егъэзыпIэ щэху Тэрч куейм къыщагъуэтащ.

ЦIыхухэм хуащIа егъэзыпIэр къыщахутащ Акъбащ Ищхьэрэ къуажэм километри 7-кIэ пIэлэщIэу. ХэщапIэр террор щIэпхъаджагъэкIэр лэжьыным пыщIа гупым щыщхэм я егъэзыпIэт. Ар якъутащ.

ЦIыхухэм я ЩIэныгъэ-хэмкlэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкlэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ Iуэхущ-щIапIэм зэпеуэ зэхеублэ мыпхуэдэ къулыкъухэм ягъэувыпIэ щыхьихым мурадкIэ:

- Информацэ шынагъуэнщагъэмкlэ, связькlэ, управленэмкlэ къудамэм и унафэщIыр - зы цIыху;
- Синергетическэ Iуэхуэхэмкlэ лабораторэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэр - зы цIыху;
- Математикэ биологием и уравненэхэмкlэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэр - зы цIыху;
- Зэхэгъэхьа лIэужьыгъуэхэм я уравненэхэмкlэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэр - зы цIыху;
- Теорие икIи математикэ физикэмкlэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэр - зы цIыху;
- Информацэ шынагъуэнщагъэмкlэ, связькlэ, управленэмкlэ къудамэм и инженер-къэхутакIуэр - зы цIыху;
- Информацэ, управленэ Iуэхуэхэм я интеллектуализацэмкlэ къудамэм и стажер-къэхутакIуэр - зы улахуэ ныкъуэ;
- Зохагъэхьа Iэмэпсымэхэмкlэ САПР-м и къудамэм и стажер-къэхутакIуэр - зы цIыху;
- Математикэ биологием и уравненэхэмкlэ къудамэм и стажер-къэхутакIуэр - зы улахуэ ныкъуэ.

Зэпеуэм щIетекIуахэм пIалъэкlэ лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэ иращIылIэ, лъэныкъуэхэр ящIэсу зэрытехьуэр и лъабжьэу.

Фыщыщlэупщlэ хъунущ: 360000, КъБР, Налшык къалэ, Шортэным и цIэр зезыхьэ уэрам, 89 «а».

Телефонхэр: кадрхэмкlэ, аспирантурэмрэ докторантурэмкlэ къудамэм - 42-64-17, пэш №09, егъэблагъэпIэм - 42-66-61.

● ЦыкIуэхэм папщIэ

«Нурым» и зи чэзу къыдэкIыгъуэхэр

«Нур» журналым и 5-нэ, 6-нэ къыдэкIыгъуэхэр дуненм кьытехьащ.

Етхуанэ къыдэкIыгъуэр къызэIуех накъыгъэм и 9 махуэшхуэр зэрагъэпагъэм теухуа сурэтхэмкlэ. АдэкIэ фIыкьыщIеджэнщ КIуантIэ Iэзид итха «Анэм и псалъэ» рассказым. Ар теухуащ япэ дыдэу еджапIэм кIуэ щIалэ цIыкIум и гурыгъу-гурыщIэхэм.

Сабий усакIуэ цIэрыIуэ Маршак Самуил адыгэ хьыбарыжьыр лъабжьэ хуищIри итхауэ щытащ «Зэгъыныгъуитlуэсэр. Ар тетщ мы къыдэкIыгъуэм, адыгэбзэкIэ Уэрэзей Афлик зэридзэкIауэ. «Си унафэм къедэIуэнукъым» (шэшэн) , «ТхъэкIуэмэкIыхьымрэ щыпхъэгумрэ» (ингуш) таурыхьхэр итщ журналым, Къэрмокъуэ Хьэмид адыгэбзэкIэ зэридзэкIауэ.

АдэкIэ фIыкьыщIеджэнщ Таз ФатIимэ, Мэз Iэниуар сымэ щыкIуэхэм папщIэ итха усэхэм.

ЩакIуэ шынэкъэрабгъэм теухуащ Нэгъуэй Беслъэн итха «ЩэкIуэгъуэ мазэм» гушыIэ рассказыр.

Гъуазджэ щIэныгъэхэмкlэ доктор, профессор Мэлбахъуэ Борис «Дышэрыдзэхэр» тхыгъэм щытопсэльыхь адыгэхэм нжь-ныжьыкъ зэпищэгъэ къдэкIуэкI гъэдэхэн-гъэщIэрэщIэн Iэщагъэм.

«Нурым» кьыхуатхъ Iыхьэм тетщ Нартан къуажэм дэт 2-нэ курыт еджапIэм щылажьэ экологие кружокым теухуауэ абы и ныбжьыкIэ Паплъ Инетэ итха тхыгъэ кIэщIыр, журналым и щIэджыкIакIуэхэу Шорэ Дисанэ, Дуэмэн Темырлан сымэ унагъуэ псэушхьэхэм зрауха я тхыгъэ цIыкIуэхэр.

ЖылаСэ Заурбэч и «Пелуан ныбжьыкIэ» тхыгъэм щыдегъэщIыкIуэ Урысей Федерацэм атлетикэ хьэпсымкlэ и ныбжьыкIэ командэ кьыхэхам хагъэхьа, Iуащхьэмахуэ районым физическэ щэнхабзэмрэ спортымкlэ олимп джэгуэхэм хэтыфынуэр щагъэхьэзыр Iуэхущ-щIапIэм и гъэсэн Тэмазэ Мурат.

А напэкIуэщI дыдэм «ЗэгъащIэ» псалъащхьэм щIэту фыкьыщIеджэнщ «Псалъэ пэжхэм».

МафIэсым зыщыкъэмынэ теуха напэкIуэщIым укъыхуреджэ мафIэм хуэсакъын зэрыхуэйм, абы удэджэгу зэрымыхьунум.

АдэкIэ ит псалъэзблэдзыр нэхъ зытегъэщIар «Гъ» хьэрфырщ.

Мы къыдэкIыгъуэм «Нурым» и гъуджэм къоц адыгэ макъамэ зэрызэхихыу къэфэну къыгъекIы, гъэльэсIэ зи ныбжь НакIэ Дамир, къэфэным хуэIэзэ, Нальшык дэт 14-нэ гимназием щеджэ, 2011 гъэм къэфакIуэхэм я фестивалу Москва щагъэкIуэкIам Гран-при къыщызыхьа, илъэс 12 зи ныбжь Бэкъэл Лионеллэ сымэ я сурэтхэр.

Ехапэ къыдэкIыгъуэр къызэIуех «Сабийхэр хъуэмын и дунейпсо махуэм» къэзыIэуа Алъхъащ Аминэ итха «IэгъэпыкIуэ» сабий санаторэр» тхыгъэмкlэ. Сиримен кьыкIыжьащ Хэкум адыгэ унагъуэ куэдым кьагъэзэжащ. Абыхъэм сабийуэ ящыгъыгъуэ мащIэкъым. Абыхъэм пIалъэкlэ и псэунIэ хуащI Нальшык дэт «IэгъэпыкIуэ» сабий санаторэр. Ахэрщ тхыгъэмрэ абы щыгъуэ сурэтхэмрэ нэхъыбэу зытепсэльыхьыр.

КьыкlэлъыкIуэ напэкIуэщIыр теухуащ тхакIуэ, усакIуэ Елгъэр Кашиф иджыблагъэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр къыхэзрыфIащам икIи Елгъэрым сабийхэм яхунтха усэхэм щыщхэр тредзэ.

АдэкIэ фIыкьыщIеджэнщ Хьэхъупащ Амырхъан къиIуэтэжауэ щыта «Пльыжь нэфым и хьыбарым».

«ЩIэблэщIэ» Iыхьэм тетщ нэхъыфIу еджэ ныбжьыщIэ цIыкIуэхэм я сурэтхэмрэ аэрдзэныгъэхэу тхыгъэ кIэщIхэмрэ.

«Хьыбар кIэщIхэр» Iыхьэм традза «Гуэгушыр ныбжьэгъу зыхуэхъуар», «Жумэрэным кьигъэушынащ» рассказ цIыкIуэр Мыз Ахьмэд и Iэдакъэщ Iэкъщ.

АдэкIэ тетщ Хьэту Пётр и сабий усэхэр.

Сабий творчествэмкlэ республикэ унэм си школ кIуэгъуэ мыхуа цIыкIуэ Елгъэрым и Iэдакъэщ Iыхьэм фыкьыщIеджэнщ Кьардэнгъущ Зырамыку итхыжа хъыбархэм.

«Жаншэрхъ» Iыхьэм Жыласэ Заур тхырыгъэда «Кавказ Ищхьэрэм щытепщэхэр» тхыгъэр топсэхьыхь каратэмкlэ ди республикэм зыщыщыгъэсэ ныбжьыщIэхэм я екъулIэныгъэхэм.

АдэкIэ итщ псалъэзблэдз, адыгэ псалъэжьым трауха «Къеджэ псалъэжьым» жьхуиIэр.

«Адыгэ фащэм сабийр егъэдахэ» псалъащхьэм щIэту кьыгъэдзащ адыгэ фащэкIэ Iуэпа хуащхьэбзэ щыкIуэхэм я сурэтхэр.

АБЗУАН Пщымахуэ.

● ЩыкIуэм папщIэ

«Нурым» и зи чэзу къыдэкIыгъуэхэр



● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

И хэхъуэр ибжырт

Урысей МВД-м Налшык къалэмкlэ и Управленэм кулыкъу щезыхьэкIэм джэгунIэ похъуэр мыгъэлажьэным теухуа Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIым, 1978 гъэм къалъхуа ауныджэрдэсыр яубыдащ. Абы Неделиным и уэрамым джэгунIэ кьыщыIэзрищэнщат.

ПЭШЫМ зэрыджэгу автомат 17 щIэтт. Хабзэхъумэхэр хэщапIэм щыкIуам, бысымым и хущхьэ ибжыр. Яубыдар хабзэм ипкъ иткIэ жэуапым ирашэлIэнущ.

Елъхъуэт щыщ шоферыр яубыдащ

Урысей МВД-м и Тэрч куей къудамэм и гъэкъэлIуэхэм «Тадлинн» постым деж къыщагъэувыIащ Елъхъуэт къуажэм щыщым (РСО-Алание) зэригъакIуэ БМВ-316 автомашинэр.

АБЫ къаригъэлъэгуэ шофер тхылъыр къыщапщытэм къыщэрахутамкIэ, ар 2008 гъэм щышылэм и 31 лъандэрэ къалъхьуэрт.

Шоферыр яубыдащ. Iуэхур зэхагъэкI.

Къэрал кIуэцIыгъуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущапи.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщIхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщIхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщIхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Кьардэн Маринэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщмыщI Иэз.**

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщIхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщIхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущапи Iэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкlэ, спортымрэ щысымохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапи Iэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я нэжагъымкlэ ахэр зытехьэм ихъу-ахьэ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынымрэ и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтынымрэ хэмэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапи Iэм №И-0065-м щIэту иГащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм етэмыхэхэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактор Щомахуэ Залинэ, корректорхэу Щоджэн Инэ (1, 3-нэ нап.), Щоджэн Заирэ (2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэныкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ. КомпьютеркIэ газетым и теплъэр щIащ Ныр Саид, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанизэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзырац.

Газетым Iэ традзэн хуейр сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 5.178 • Заказ №1825